

29 Me 2020

## **Antisipasyon pou semès otòn 2020**

Chè Kominote Inivèsite Maryland

Yè, Dekrè Lwa Konte Prince George la anonse y ap souleve lwa konte a pou rete-lakay-ou apati 1 Jen, epi konte a ap kòmanse planifikasyon reyouvèti gradyèl. Jodia, Chanselye Jay Perman anonse yon apèsi sou fason enstitisyon [Sistèm Inivèsite Maryland](#) (USM) kapab relouvri, pandan y ap rekonèt pa gen okenn solisyon ki adaptab-pou-tout-moun.

M ap ekri pou mwen pataje enfòmasyon preliminè sou kisa etidyan yo, pwofesè yo, ak estaf Inivèsite Maryland lan kapab atann yo pou semès otòn lan.

Pou plizyè semèn, yo te divize kèk douzèn pwofesè ak estaf an sèt gwoup-travay – Sekirite ak Lasante; Edikasyon; Rechèch; Lavi Etidyan; Resous Imèn; Planifikasyon Fiskal; epi Espò ant Kolèj yo – kote yo t ap planifye yon tantativ relouvèti gradyèl pou aktivite sou-kanpis la otòn sa a. Y ap pibliye detay sou plan respektif yo nan semèn k ap vini yo.

Priyorite nou se sante ak byenèt kominote ki sou tout kanpis nou an. Plan gwoup-travay Sekirite ak Lasante a, ki dirije pa Dwayen Boris Lushniak ki soti nan Fakilte Sante Piblik la ak Avoka Jeneral la Mike Poterala, enfòme sou planifikasyon an tout gwoup travay yo. Sa enkli netwaye ak dezenfekte tout edifis yo; siveyans anviwonman; pwotokòl pou tès, depistaj, ak swivi sou kontak ki te fèt; epi dapre direktiv CDC yo sou distans fizik, kouvèti pou figi, ak lavaj men yo souvan.

### **Ak Kisa Etidyan yo ta Sipoze Atann Yo**

Pou sekirite tout moun, epi dapre konsèy USM, n ap “dekondanse” kanpis nou an. Fòk nou jwenn fason pou nou diminye kantite moun ki bezwen prezan fizikman nan lokal la chak jou, ki vle di fòk nou diminye kapasite kafeterya a ak dötwa yo.

Aprantisaj ak ansèyman pandan semès otòn sa a ap enkli yon melanj edikasyon prezansyèl, adistans oswa tou lè de. Sepandan, etidyan yo dwe atann yo pou plizyè nan kou yo pral vityèl pandan semès otòn lan. Fòk yo diminye kapasite sal klas yo genyen pou resevwa moun, epi yo dwe limite enstriksyon sou kanpis la, pou yo ka pratike distans fizik ki nesèsè a. N ap travay pou nou founi opsyon pou etidyan yo kapab pran klas yo sèlman adistans, si yo chwazi sa.

Dwayen Mary Ann Rankin ki nan tèt gwoup-travay edikasyon an, Vis Prezidan Pati Perillo ki nan tèt gwoup-travay lavi etidyan an, ak Direktè Espò a, Damon Evans, ki nan tèt gwoup-travay espò ant kolèj yo, ap finalize plan respektif yo.

### **Ak Kisa Manb Fakilte yo ta Sipoze Atann yo**

Avèk soulèvman dekrè lwa Konte Prince George la pou rete-lakay-ou a, kounya a UMD kapab kòmanse relouvri seksyon rechèch li a gradyèlman.

Gwoup-travay pou rechèch la gen nan tèt li Laurie Locascio, Vis Prezidan pou Rechèch pou ni UMD epi ni Inivèsite Maryland, Baltimore la. Doub nominasyon sa a fè ansanmfasilite

kolaborasyon nan mitan yo. Gwoup-travay rechèch la devlope yon orè byen planifye pou reprann aktivite laboratwa yo anvan lòt aktivite Inivèsite a. Espas ak kondisyon eksperyans rechèch yo anba kontwòl kote konsèy ki egziste sou itilizasyon ekipman pou pwoteksyon pèsònèl lan, ak lòt mezi pwoteksyon yo deja egziste pou bese nivo risk la.

Gwoup-travay edikasyon an ap fè sondaj sou pwofesè yo sou enstriksyon. Objektif li se pou li eseye akomode pwofesè yo si yo vle bay kou yo adistans otòn sa a. Sa vize pou li asire tou ke okenn etidyan pa oblije al nan klas prezansyèl otòn sa a. Edikasyon adistans gen objektif pou li diminye kantite moun k ap sou kanpis la semès k ap vini an.

Mwen vle remèsye tout pwofesè yo ki kontinye ap repanse metodoloji enstriksyon an, jwenn aksè ak nouvo zouti, epi ki patisipe nan sesyon antrenman pou amelyore eksperyans aprantisaj ak edikasyon adistans lan.

### **Ak Kisa Estaf yo ta Sipoze Atann Yo**

UMD gen chans genyen estaf ki gen talan epi ki devwe. Majorite a kontinye travay adistans, epi yon ti pati nan estaf la vini sou kanpis la pou sipòte operasyon esansyèl yo. Mwen ofri apresiyasyon m bay tout estaf la.

Gwoup-travay Resous Imèn lan, ki gen nan tèt li Asistan Vis Prezidan Jewel Washington, ap finalize yon tantativ apwòch pou retounen travay sou kanpis la. Sèten estaf (ak pwofesè) ap kontinye travay lakay yo kòm estrateji pou diminye kantite moun sou kanpis la.

Pou estaf ki retounen yo, sa ap an faz byen kowòdone. Sa ki rive retounen yo ta sipoze atann yo ak yon seri mezi pou redwi kontak ak lòt moun, ki enkli lè arive ak depa yo, chanjman orè, ak mezi sou distans fizik.

### **Ak Kisa pou Tout Moun ta Sipoze Atann Yo**

UMD ap travay ak USM ak responsab sante piblik yo pou genyen pwotokòl, ekipman, ak pèsònèl ki apwopriye sou kanpis la pou tès dyagnostik, depistaj aki swivi sou kontak ki te fèt. Mezi sa yo ap anplas anvan semès otòn lan epi y ap anonse yo nan semèn k ap vini yo.

Tout moun sipoze atann yo ak yon anviwonman fiskal diferan pou ane k ap vini an. Enpak finansyèl pandemik la sou kanpis nou an te, epi ap kontinye konsiderab. Gwoup-travay planifikasyon fiskal la, ki gen nan tèt li Vis Prezidan pou Administrasyon ak Finans Carlo Colella, ap devlope estrateji alèjman pou konpanse pèt revni yo epi ogmantasyon nouvo depans yo. Menm jan USM te anonse resaman, li prevwa rediksyon nan bidjè yo epi chomaj fòse ap nesèsè pou kouvri defisit anyèl yo. Eta a pako libere dènye done li yo pou bidjè USM nan ane k ap vini an.

N ap founi detay adisyonèl sou semès otòn nan apati tout gwoup-travay nou site yo pa pita pase 15 Jen 2020. Pandan tan sa a, tanpri voye nenpòt kesyon, enkyetid oswa pwopozisyon bay [president@umd.edu](mailto:president@umd.edu).

Tout moun dwe konprann se yon environman fliyid n ap navige la. Reyouvèti kanpis la pandan otòn sa a depann sou chanjman kondisyon yo ak konfòmite pa rapò ak konsèy federal, eta, konte, ak USM bay. Toutotan pandemi a kontinye, ap gen restriksyon paske lasante ak byenèt tout moun se premye priyorite nou.

Byenke sikonstans sa yo pa sèten epi difisil, nou angaje nou pou nou founi yon edikasyon alechèl mondyal epi pwoteje misyon rechèch nou an. Nou dwe pèsevere ansanm avèk kouraj epi inovasyon. Se konsa Inivèsite Maryland lan ap resòti nan kriz sa a pi fò pase jan li te ye anvan an.

Nou swete ou menm ak tout pwòch ou yo rete byen epi an sekirite.

Ak solidarite,

Wallace D. Loh

Prezidan, Inivèsite Maryland